

BAB I

BUBUKA

Dina ieu bab dipedar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga skripsi anu dijéntrékeun ieu di handap.

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Manusa bisa nepikeun pamaksudan atawa kahayang ka manusa séjénna téh ku basa. Nurutkeun Sudaryat (2014), basa digunakeun pikeun patali marga atawa komunikasi anu diucapkeun ku alat ucap manusa. Luyu jeung éta pamadegan, Chaer (2003) dina (Devianty, 2017) nétélakeun yén basa mangrupa pakakas verbal pikeun komunikasi. Ogé, nurutkeun Nababan (1991) dina (Devianty, 2017), basa nyaéta salah sahiji ciri has manusa anu jadi pangbéda jeung mahluk séjénna.

Masyarakat tangtuna teu bisa leupas tina basa dina kahirupan sapopoéna. Pon kitu deui dina prosés pangajaran, siswa dipiharep bisa ngagunakeun basa anu luyu jeung kaédah kabasaanana, boh sacara lisan boh sacara tulisan. Nanging, dina kanyataanana kapanggih kasalahan makéna basa anu dilakukeun ku siswa utamana dina prosés ngawangun kecap. Éta hal katitén dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung, di antarana: *jawabanna, keadilan, keajaiban, pemandangan, pang amis, mangtepikeun, diparesep, dararaun, sawo nu matang*, jsté. Nurutkeun Yuniar, Azizah, jeung Irma, (2020), kasalahan makéna basa dilantarankeun ku kurangna pamahaman siswa kana kaédah kabasaan dina hiji basa. Lian ti éta, Tarigan jeung Tarigan (2021) nétélakeun yén kasalahan makéna basa dilantarankeun ku bédana sistim basa kahiji siswa jeung sistim basa kadua siswa anu keur dipaluruhna. Nanging, kasalahan makéna basa henteu mung ukur dilakukeun ku siswa anu keur maluruh basa kadua, tapi ogé bisa dilakukeun ku siswa anu keur maluruh basa kahiji. Éta hal nuduhkeun yén kasalahan makéna basa patali jeung pangajaran basa, boh pangajaran basa kahiji boh pangajaran basa kadua.

Para ahli linguistik jeung guru basa sapanuju yén kasalahan makéna basa bisa ngahambat dina ngahontal tujuan pangajaran basa (Tarigan & Tarigan (2021)). Ku

kituna, kasalahan makéna basa anu dilakukeun ku siswa kudu bisa disingkahan, sangkan ka hareupna euweuh kasalahan anu sarua. Ari kasalahan makéna basa téh nyaéta méngpar tina kaédah kabasaan, boh sacara lisan boh sacara tulisan dina makéna basa. Nurutkeun Tarigan jeung Tarigan (2021), dina kasalahan makéna basa aya dua istilah anu ma'nana ampir sarua nyaéta kasalahan (*error*) jeung *kekeliruan* (*mistake*). Kasalahan (*error*) hartina méngpar tina kaédah kabasaan anu lumaku dina makéna basa nu sipatna konsistén jeung sistimatis, sedengkeun *kekeliruan* (*mistake*) mah sipatna samentara, biasana dilakukeun ku siswa anu geus nyaho kana kaédah kabasaan dina hiji basa, tapi ku ayana faktor luar saperti kurang fokus, balukarna aya kasalahan makéna basa. Kasalahan makéna basa anu ditalungtik dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan morfologis. Wulandari, Susanti, jeung Hasanah (2022) nyebutkeun yén kasalahan morfologis bisa dijéntrékeun minangka kasalahan makéna basa anu dibalukarkeun ku kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan, kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan, jeung kasalahan ngawangun warna kecap kantétan. Éta hal luyu jeung anu ditepikeun ku Prawirasumantri, spk., (1990); Sudaryat (1991) dina (Kuswari jeung Hernawan, 2015) yén prosés morfologis dina basa Sunda téh aya tilu rupa, nyaéta (1) ngararangkénan, (2) ngarajék, jeung (3) ngantétkeun. Ieu hal kacida pentingna pikeun pangajaran basa, ku sabab morfologi patali jeung prosés ngawangun kecap sarta morfém nu mangrupa dasar tina komponén basa saperti frasa, klausa, kalimah, paragraf, jeung wacana (Sintia, spk., 2019).

Prosés pangajaran di kelas tangtuna waé henteu bisa lepas tina kaparigelan basa, salah sahijina nyaéta kaparigelan nulis. Dumasar kurikulum merdéka tingkat SMA/SMK/MA/MAK, salah sahiji matéri pangajaran basa Sunda anu patali jeung kagiatan nulis nyaéta pangajaran ngeunaan téks tarjamahan. Anapon CP Fase E dina Elemén Nulis Téks Tarjamahan nyaéta:

“Peserta didik mampu menyajikan tulisan berbahasa Sunda sesuai kaidah dan konteks dalam media tulis, media cetak, atau media digital untuk tujuan tertentu sesuai kaidah bahasa dan norma budaya Sunda”(Dinas Pendidikan Provinsi Jawa Barat, 2022).

Kurang makéna basa Sunda bisa mangaruhan kana pangaweruh siswa dina nulis téks tarjamahan basa Sunda. Sangkan tujuan pangajaran kahontal, siswa

dipiharep bisa ngagunakeun basa anu hadé sarta luyu jeung kaédah kabasaanana. Anapon wangun téks tarjamahan dina ieu panalungtikan nyaéta sajak bébas. Sajak bébas dina basa Indonésia ditarjamahkeun kana basa Sunda sacara dinamis atawa nyoko kana ma'na. Dina nulis sajak, panulis tangtuna waé miboga kabébasan dina ngagunakeun atawa milih kecap. Nanging, panulis ogé kudu merhatikeun pilihan kecap anu luyu jeung kaédah morfologisna, ku lantaran kecap téh minangka simbol basa pikeun nepikeun eusi sajak. Ku éta hal, panalungtik kairut pikeun nalungtik kasalahan morfologis dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung. Ku ayana ieu panalungtikan, tangtuna urang bisa nyaho kasalahan-kasalahan morfologis anu dilakukeun ku siswa, sangkan bisa disingkahan ka hareupna.

Patali jeung ieu panalungtikan, kasalahan morfologis kungsi ditalungtik saméméhna di antarana ku: 1) Baity (2015) dina téks biantara siswa kelas IX SMP Pasundan 4 Bandung. Anapon anu jadi pasualanana nyaéta réa kasalahan morfologis anu dilakukeun ku siswa, utamana dina prosés ngararangkénan; 2) Anam jeung Awalludin (2017) dina karangan bébas siswa Kelas XII SMK Trisakti Baturaja, pasualan dina ieu panalungtikan nyaéta ayana interférensi dina nulis karangan bébas; 3) Putri, Septiana, jeung Budiawan (2021) dina téks caramah siswa kelas X1 SMAN 1 Mranggen, pasualan dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kurang paham kana struktur jeung kaédah kabasaan dina basa Indonésia nu ngabalukarkeun kasalahan dina milih kecap, sarta ayana interférensi dina nulis téks caramah; 4) Uswati jeung Maulindah (2019) dina karangan narasi siswa kelas VII Madrasah Tsanawiyah Muhammadiyah 1 Waleri, pasualan dina ieu panalungtikan nyaéta réa kasalahan dina milih kecap nu ngabalukarkeun ayana kalasahan morfologis; jeung 5) Kaso (2020) dina téks déskripsi siswa kelas VII MTsN 1 Tulungagung, pasualan dina ieu panalungtikan nyaéta kasalahan siswa dina prosés ngararangkénan jeung nulis kecap kantétan dina téks déskripsi.

Dumasar kana panalungtikan saméméhna, kasalahan morfologis dina téks tarjamahan basa Sunda can kungsi aya nu nalungtik. Ku kituna, “Kasalahan Morfologis dina Téks Tarjamahan basa Sunda Siswa Kelas X-F SMAN 2 Bandung Taun Ajar 2023/2024” perlu ditalungtik pikeun nambahan pangaweruh dina diajar nulis basa Sunda, hususna dina tataran morfologi, sarta minangka

umpan balik pikeun ngaropéa pangajaran basa Sunda.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang panalungtikan di luhur, pasualan dina ieu panalungtikan dirumuskeun dina kalimah pananya ieu di handap.

- 1) Kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan naon waé anu nyampak dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung?
- 2) Kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan naon waé anu nyampak dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung?
- 3) Kasalahan ngawangun warna kecap kantétan naon waé anu nyampak dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus anu dijéntrékeun di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngadéskripsikeun kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan, kecap rajékan, jeung kecap kantétan dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung minangka *umpan balik* pikeun ngaropéa pangajaran basa Sunda.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus, ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rundayan anu nyampak dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung;
- 2) kasalahan ngalarapkeun wangun kecap rajékan anu nyampak dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung; jeung
- 3) kasalahan ngawangun warna kecap kantétan anu nyampak dina téks tarjamahan basa Sunda siswa kelas X-F SMAN 2 Bandung.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan ngawengku mangpaat téorétis jeung mangpaat praktis anu dijéntrékeun di handap.

1.4.1 Mangpaat Téorétis

Mangpaat téorétis dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun ngeuyeuban deui élmu pangaweruh dina widang morfologi utamana dina prosés ngawangun kecap.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Mangpaat praktis dina ieu panalungtikan téh aya tilu, di antarana:

- 1) pikeun guru, ieu panalungtikan bisa jadi padoman dina pangajaran basa Sunda. Ogé, minangka solusi pikeun guru dina ngajarkeun wangun struktur gramatikal basa Sunda;
- 2) pikeun siswa, ieu panalungtikan minangka sumber pangaweruh ngeunaan prosés morfologis dina basa Sunda; jeung
- 3) pikeun panalungtik, ieu panalungtikan bisa nambahan pangaweruh anu leuwih jembar ngeunaan prosés morfologis pikeun dilarapkeun dina kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Skripsi

Raraga skripsi ieu panalungtikan ngawengku lima bab, nyaéta Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga skripsi.

Bab II Kajian Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan kasalahan makéna basa, kasalahan morfologis, téks tarjamahan, sajak, panalungtikan saméméhna, sarta raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, prosedur panalungtikan, téknik ngumpulkeun data, instrumén panalungtikan, sarta téknik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil analisis data kasalahan, déskripsi, jeung pedaran ngeunaan kasalahan morfologis dumasar warna kasalahanana.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina ngeunaan kacindekan, implikasi sarta rékoméndasi kana ieu panalungtikan.